



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 24 MILYON DOLA FINANSMAN FEDERAL POU
PWOGRAM VYOLANS DOMESTIK AK ASÈLMAN SEKSYÈL**

***83 Pwogram vyolans domestik ak abri pral resevwa plis pase 16 milyon dola pou
tès COVID ak vaksinasyon ak pou sèvis sipò nan kominote ki defavorize yo***

***7.6 milyon dola ki afekte pou sipò 50 sant pou kriz apre vyòl ak pwogram asèlman
seksyèl***

***Finansman enpòtan sa pral ede pwogram vyolans domestik yo sèvi ogmantasyon
sivivan yo epi konpanse defi fiskal san presedan pandemi an te deklanche yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York ap distribye apeprè 24 milyon dola finansman federal bay pwogram vyolans domestik, ak pwogram abri, asèlman seksyèl, ak sant pou kriz apre vyòl yo. Finansman an ap ede pwogram sa yo devlope disponiblite tès COVID ak vaksinasyon, konpanse defi fiskal ke pandemi an te lakoz yo, atenn kominote ki defavorize yo pi byen, epi sipòte ogmantasyon resan sivivan k ap chèche èd yo.

"Manman mwen te ouvri yon kay pou sivivan vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, pou bay sèvis ak popilasyon vilnerab la ki se yon pwoblèm ki touche kè mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandemi a te mennen trajikman nan yon ogmantasyon vyolans domestik ak vyolans ki baze sou sèks, epi finansman sa enpòtan pou asire ke sivivan yo ka gen aksè nan tout sekirite ak èd ak sèvis yo bezwen yo."

Pwogram yo ki finanse atravè Lwa sou Prevansyon ak Sèvis Vyolans Domestik Familyal (Family Violence Prevention and Services Act) ak Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan), 83 pwogram ak sant vyolans domestik ap resevwa 16.3 milyon dola finansman, k ap sipòte aksè nan tès COVID, vaksinasyon, ak inite sante mobil. L ap ogmante tou sèvis vyolans domestik tradisyonèl pou kominote riral yo, pwogram kiltirèl ak kominote ki defavorize yo. Anplis, 50 sant pou kriz apre vyòl ak pwogram asèlman seksyèl ap resevwa 7.6 milyon dola pou sipòte sèvis yo, pandan y ap emelyore tou mezi pou prevansyon ak diminisyon risk COVID. Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la ap jere Finansman an.

Komisè OCFS la, Sheila J. Poole, te deklare, "Dènnye bagay sivivan vyolans domestik ak asèlman seksyèl yo ta dwe genyen se enkyete pou pwoteksyon sante yo lè y ap chèche sèvis ki enpòtan pou geri epi vanse pou pi devan ak lavi yo. OCFS kontan anpil pou jere fon sa yo, k ap fè yon diferans ki enpòtan nan lavi sivivan yo epi ede anpeche pwopagasyon COVID la."

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "Sipòte viktim vyolans domestik ak asèlman seksyèl se yon misyon enpòtan, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li investè sajman kèk nan fon federal yo ke mwen te sekirize pou New York atravè Plan Sekou Ameriken an pou òganizasyon ki diy sa yo. Nan menm jounen an ke nou menm nan Kongrè a te retorize Lwa sou Vyolans kont Fanm lan, mwen kontan ke fon yo ap itilize pou vyolans domestik ak sèvis pou kriz vyòl nan zòn riral ak lòt zòn defavorize yo, pandan n ap pran mezi tou pou prevni COVID la."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Sant kriz pou vyòl New York ak pwogram asèlman seksyèl yo ap travay san rete pou sipòte sivivan yo, nan bay sèvis ki enpòtan, tankou liy ijans, planifikasyon sekirite,abri, ak asistans medikal, ki enkli tès COVID ak vaksinasyon. Nan mitan yon ogmantasyon ki enkyetan nan vyolans domestik, mwen fyè pou te goumen pou adopte Plan Sekou Ameriken an ki ede bay finansman pou òganizasyon esansyèl sa yo. M ap kontinye goumen pou pote resous federal yo lakay pou sipòte sivivan yo epi goumen kont vyolans seksyèl nan Eta New York."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Mwen kontan anpil pou mwen wè finansman sa ale vè pwogram vyolans domestik ak asèlman seksyèl nan New York. Pwogram sa yo ap ede plizyè milye Nouyòkè chak ane epi finansman enpòtan sa ap asire ke pwogram sa yo ka kontinye ofri sipò ak resous pou sivivan yo. M ap kontan patikilyèman pou wè ke plis pase 4 milyon dola prale nan Vil New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li sou pwojè sa a epi mwen espere kontinye travay avèk li vanse pou pi devan."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Vyolans domestik afekte fanmi atravè distri mwen an ak kominote toupato nan eta nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou afekte finansman federal sa, ke mwen te ede garanti nan Kongrè a, pou bay plis resous pou pwogram vyolans domestik ak pwogram asèlman seksyèl nan tout New York. Ogmantasyon bezwen sèvis sa yo te yon efè trajik pandemi an, epi nou dwe kontinye efò nou pou sipòte òganizasyon ki devwe pou bay swen pou viktim, sivivan, ak fanmi yo. Finansman sa ap ede konpanse defi fiskal pwogram sa yo te eksperimante nan ane pase yo pou elaji travay enpòtan ke y ap fè a, ki enkli aksè ki elaji nan prevansyon COVID-19 ak vaksinasyon, sit pou fè tès, ak swen sante pou sila ki nan bezwen yo."

Reprezantan Mondaire Jones te deklare, "Ak 24 milyon dola nan finansman federal ki soti nan Lwa sou Prevansyon ak Sèvis Vyolans Domestik Familyal ak Plan Sekou Ameriken an, ke mwen fyè pou te ede adopte nan Kongrè a, Gouvènè Hochul ap distribye sipò ki tèlman nesèsè pou sivivan vyolans domestik ak asèlman seksyèl nan tout Eta New York. Pa gen dout ke vyolans kont fanm se yon epidemi nasyonal, epi

espesyalman pandan pandemi COVID-19 la, nou te wè yon ogmantasyon sivivan k ap chèche èd. Soti nan tèl COVID ak vaksinasyon rive nan sèvis vital elaji pou sivivan nan kominote ki defavorize yo, finansman sa ap enpòtan nan pwoteksyon sivivan yo epi mennen nou yon pa pi pre pou mete fen nan pandemi sa yon fwa pou tout."

Repatisyon finansman founisè yo, pa rejyon:

- **Rejyon Kapital:** 2,354,675 dola
- **New York Santral:** 1,828,638 dola
- **Finger Lakes:** 2,410,368 dola
- **Long Island:** 2,321,091 dola
- **Mid-Hudson:** 2,859,754 dola
- **Mohawk Valley:** 1,368,411 dola
- **North Country:** 1,283,045 dola
- **Vil New York:** 4,492,056 dola
- **Southern Tier:** 1,337,656.00 dola
- **Rejyon Lwès New York:** 2,828,350 dola
- **Plizyè rejyon*:** \$821,700

*Yon founisè ap resevwa alafwa finansman pou sant kriz apre vyòl ak asèlman seksyèl nan yon sèl pri ki kouvri 11 konte nan twa rejyon ekonomik.

Nan dezyèm ane pandemi an, founisè sèvis vyolans domestik yo te repòte yon kantite sivivan ki ogmante k ap mande èd, ansanm ak yon ogmantasyon nan gravite abi a. Pandemi an te kreye defi fiskal san presedan pou founisè vyolans domestik atravè eta a. Anplis amelyorasyon sèvis COVID, fon federal sa yo ap ede pou establiasyon mendèv epi asire kontinite sèvis pou sivivan yo.

Finansman pou pwogram asèlman seksyèl ak sant kriz apre vyòl yo sipòte bezwen sivivan ki afekte pa ijans sante piblik la epi fè pwomosyon kontinyite sèvis yo nan kominote lokal yo. Sa ap ede nan tranzisyon pwogram yo pou sèvis vityèl/ a distans yo epi ede kouvri depans apwovizyonman pou diminye risk pou atrape epi pwopaje viris COVID-19 la. Finansman an ap itilize pou establiite oswa ekspansyon mendèv.

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens te deklare, "COVID-19 la kontinye afekte sivivan vyolans domestik ak vyolans seksyèl ki te konnen izolman, laperèz, ak estrès finansye ki te agrave pa pandemi an. Pwogram vyolans domestik ak vyolans seksyèl yo ap genyen finansman sipleman tè kounye a pou sipòte tout sivivan ki gen bezwen ki lye ak COVID la. Finansman an ap ale nan menm sans tou ak inisyativ Administrasyon Hochul la pou ogmante sèvis vyolans domestik ak vyolans seksyèl pou yo ka pi santre sou sivivan yo, ki pran an konsiderasyon twomatis epi ki reyaji nan domèn kiltirèl. Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou bay sivivan yo priyorite."

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York la, Elizabeth Cronin, te deklare, "Li klè ke pandemi an te agrave defi sivivan vyolans domestik ak asèlman seksyèl yo fè fas pandan y ap chèche sekirite ak establiite pou tèt

yo ak fanmi yo. Nan OVS, nou fyè pou sipòte yon rezo pwogram ak sèvis konplè pou sivivan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg travay mwen yo nan ajans sè eta yo pou devouman yo pou asire ke sipò enpòtan sa disponib nenpòt lè ak nenpòt kote li nesèsè."

Direktris Egzekitif, Kowalisyon Kont Vyolans Domestik Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence, NYSCADV), Connie Neal, te deklare, "Defansè vyolans Domestik yo te rapòte ogmantasyon enpòtan nan demand pou sèvis ansanm ak tandans dekonsètan nan kompleksite eksperyans sivivan yo depi pandemi an te kòmanse. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak OCFS dèske yo rann finansman sa disponib pou sipòte bezwen ijan sivivan vyolans domestik yo ak pitit yo, k ap emelyore sekirite ak byennèt jeneral, epi bay pwogram estabilizasyon mendèv ak defans yo priyorite atravè eta a."

Direktris Egzekitif Kowalisyon Eta New York Kont Asèlman Seksyèl la, Joanne Zannoni, te deklare, "Nou rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul ak OCFS pandan moman ki patikilyèman difisil sa yo pou sivivan asèlman seksyèl ak defansè k ap sèvi yo. Bezwen sivivan yo te depase pwogram nou yo. Resous ki ajoute sa yo ap fè yon diferans pou sila yo k ap eseye geri kont vyolans seksyèl ak eksplwatasyon."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418